



Chè paran,

Pitou ou ap patisipé nan yon pwogwam ki rele "Miami Veye Dlo-a" Bi pwogwam tou nèf sa-a se pou ankouraje etidyan yo patisipé nan divès aktivite edikatif sou konsèvasyon dlo. Pwogwam sa-a fè pati semenn edikasyon sou anviwònman national (National environmental Education week, EE week) ki se pi gwo evènman edikatif nan peyi-a.


Fondasyon pou edikasyon anviwònman national mete tèt ansanm ak lekòl piblik konte Miami-Dade, vil Miami, South Florida Water Management District, the Miami-Dade County Water and Sewer Department, Fairchild Tropical Botanic Garden, Johnson Controls, Inc., HydroPoint Data Systems, Inc., pou ofri pwogwam inik sa-a a etidyan e pwofese nan 14 lekòl nan vil Miami. Pwojè "Miami Veye Dlo-a" patwone pa Wal-Mart.

Si pitit ou ap patisipe nan pwogwam sa :

- l'ap resevwa enstriksyon ak kourikoulòm ki apwopriye pou tout nivo klas e ki koresponn ak estanda leta la Floride sou sijè konsèvasyon dlo,
- l'ap angaje nan aktivite kap mete aksan sou enpòtans konsèvasyon dlo nan lekòl yo, lakay yo e nan kominote an,
- L'ap eksplòre itilizasyon dlo lakay e nan lekòl,
- L'ap aprann osijè angajman sivik, dyòb nan pwoteksyon anviwònman e kijan pou fè iyon diferans nan kominote an, e
- Pètèt yo kapab seleksyone yo pou prezante rezilta yo a kek ofisyel piblik.

Dlo ap rapidman transfòme nan yon resous presye pandan popilasyon nan lemon ap ogmante e founity ap vin ra. En Floride konsevasyon dlo ce ioun bagay trè enpòtan. Sid Floride se ioun klima sub-tropikal ki genyen yon sezon lapli ak yon sezon sèk. Ce dlo lapli ki plen rezève dlo anba tè a, alò nan sezon sèk la (mwa novanm pou mwa me), sous dlo sa yo kòmanse sèk. Anplis, dlo sale ap vin rantre nan dlo anba tè, sa ki fè nou jwenn mwens dlo potab nan rejyon-an. Ou dwe deja konnen ke gen yon òdonans ki kontwole itilzasyon dlo deyò pou wouze gazon e lave machin, men gen plis ke fanmi-ou kap fè pou konseve dlo. Ce chak gout ki konte.

Ki kantite dlo mwayèn tout moun ki viv nan yon kay itilize?



Sous: American Water Works Association

Kòm paran, ou ap jwe yon wòl enpòtan nan eksperyans edikatif sa-a. Men kèk mwayen fanmi ou kap mete tèt ansanm pou konsève dlo e economize lajan:

- Itilize yon aparey pou mezire tan pou mezire konbyen tan chak moun pran pou li benyen en ba douch e bay tèt nou defi pou eseye redui tan sa-a pa 2 minutes (ou ap economize 10 gallons dlo pou chak douch!)
- Mete koloren nan tank watè a. Si li swente nan bòl watè a, ca vle di gen yon fuit. Ranje fuit lan e ou ap seconomize 200 gallons dlo pa jou.
- Ankouraje timoun yo fè rechèch sou plant ki natif la Floride e plante yo nan lakou ou. Plant natif-natal la Floride sipòte klima lokal la e yo bezwen mwens dlo ke lòt plant ki pa natif.

- Pataje e diskite enfòmasyon ki parèt sou sijè konsèvasyon dlo ak pitit ou.
- Ranmase fatra nan katye ou e sou lakou lekòl ou. Miami bò kote Everglades, alò tout bagay alafen ava rive nan dlo presye sa-a.
- Sèvi ak tablo ki a lènvès fey papye sa-a pou suiv aktivite konsèvasyon dlo pandan (omwen) yon semenn. Konpare bòdwo dlo ou anvan epi apre nou pran aksyons sa-yo e diskite rezilta yo ak pitit ou.

“Miami Veye Dlo-a” Lis aktivite konsèvasyon dlo pou fanmi-ou

Sèvi ak tablo sa-a pou anrejistre aktivite konsèvasyon dlo pandan yon semèn. Tcheke bwat la pou chak aktivite ou konplete chak jou.



National Environmental
Education Week
A National Environmental Education Foundation Program

	Dimanch	Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi	Samdi
Redwi chak douch pa 2 minutes							
Limèn machin pou lave asyèt sèlman lè li plen							
Limèn machinalave sèlman lè li plen							
Fèmen tiyo-an lè nap bwose dan nou oswa fè labab							
Ranmase tout fatra nou jwenn deyò, e evite jete papye ak lòt fatra nan watè yo							